



Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKSYON POU PLANTE 25 MILYON PYE BWA,  
KONSÈVE DLO PWÒP AK PWOTEJE LAK NOU YO**

*Defini nouvo objektif pou plante 25 milyon pye bwa jiska 2033*

*Pwopozisyon Eta Leta a angaje l pou finance dlo pwòp ak entwodui chanjman ki maksimize benefis pou kominote riral ak defavorize yo*

*Aksyon pou pwoteje lak nou yo – Sous presye pou dlo potab pwòp, touris ak lwazi*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a aksyon pou plante 25 milyon pye bwa, konsève dlo pwòp epi pwoteje lak nou yo kòm yon pati nan pwopozisyon Eta Leta 2024 la. Gouvènè Hochul te anonse yon angajman finansman pou dlo pwòp ak yon seri chanjman pou maksimize benefis pou kominote riral ak defavorize yo. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te esplike aksyon pou pwoteje lak nou yo, ki se sous presye pou dlo potab pwòp, touris, ak lwazi, epi li te fikse yon nouvo objektif pou plante 25 milyon pye bwa jiska 2033. Anons jodi a baze sou siksè Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik 4.2 milya dola a ak pwogram finansman dlo ki konsantre sou ekite ak jistis anviwònman an.

"Resous New York yo gen gwo valè, epi okenn moun nan New York pa ta dwe janm pè pou yo pa gen aksè ak dlo pwòp," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Bote natirèl New York pa gen parèy, epi nou dwe pran mezi ki nesese yo pou kenbe l konsa pou jenerasyon k ap vini yo."

**25 Milyon Pye Bwa Jiska 2033**

Atenn objektif Eta New York dapre Lwa sou Klima a pral mande sipò san parèy pou anviwònman an, ki gen ladan bezwen pou plante ak fè antretyen nouvo forè yo. Pou fè sa tounen yon reyalite, Gouvènè Hochul ap anonse yon objektif pou plante 25 milyon pye bwa jiska 2033. Objektif sa a pral revigore efò eta nou an pou plante pye bwa, voye yon siyal mache klè bay pepinyè prive, fè avanse efò pou atenn objektif nèt zewo Lwa sou Klima a, epi devlope endistri pwodwi forè vital eta a.

Gouvènè Hochul pral priyorite tou pou plante pye bwa nan zòn iben yo pou bese potansyèl chalè ekstrèm, paske vil yo chofe pi vit pase zòn riral yo. Efò sa yo pral

angaje jèn yo nan eta a atravè pwogram edikasyon ak plante pou ankouraje yon etik konsèvasyon, enspire pwochen jenerasyon ki pral jere anviwònman an, epi kreye koneksyon pi pwofon sou enpòtans pye bwa pou anviwònman an, klima ak sante piblik.

Pou mete New York sou yon chemen pou atenn objektif sa yo, Eta a pral bay minisipalite yo sibvansyon anyèl yo pandan twazan pou yo plante pye bwa pou sipòte rebwazman ki rezistan ak forè iben yo.

### **Pwoteje Dlo Pwòp**

Plan Gouvènè Hochul pou konsève dlo pwòp gen ladan inisyativ pou pwoteje kalite dlo, elimine kontaminan k ap parèt yo, pwoteje kont chanjman klimatik, asire aksesibilite ak priyorize kominote defavorize yo.

Gouvènè Hochul te anonse yon angajman finansman pou dlo pwòp epi li ap prezante nouvo inisyativ pou ede minisipalite yo satisfè bezwen finansman dlo potab ak dlo pwòp yo. Nouvo pwogram sa yo, anplis sibvansyon aktyèl yo tankou pwogram Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo (Water Infrastructure Improvement, WIIA) ak pwogram Sibvansyon Entèminisipal (Intermunicipal Grant, IMG), pral ede kominote yo reponn a defi ki asosye ak kontaminan k ap parèt yo, pwoliferasyon alg danjere (harmful algal blooms, HABs), enfrastrikti egou ki demode, ak eliminasyon liy sèvis ki gen plon pandan y ap kapitalize sou retou ekonomik yo nan investisman vital sa yo.

Nan pwofite finansman kontinyèl nan enfrastrikti dlo, Fon Pwoteksyon Anviwònman an, fon federal, ak Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal, Gouvènè Hochul pral kontinye sipòte pwojè dlo esansyèl pandan l ap fè chanjman pou amelyore livrezon finansman epi bay pi gwo benefis pou kominote yo.

Priyorite yo gen ladan:

- **Sipòte Kominote Lokal yo:** Menm ak anpil sipò finansye nan men Eta a, gen kèk minisipalite ki jwenn yo avèk yon gwo fado finansye ki ale tonbe sou do kontribiyab yo. Pou soulaje fado sa a sou ti kominote riral yo, ak kominote ki defavorize yo, Gouvènè Hochul ap mande Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) pou ogmante sibvansyon nan enfrastrikti dlo pou ti kominote riral yo soti nan 25% a 50% depans nèt elijib pou pwojè yo. Chanjman sa a pral sipòte pi piti kominote yo, tankou sa yo ki nan Adirondacks yo, ki souvan gen difikilte pou jwenn sibvansyon pou dlo pwòp epi pou yo reyalize pwojè abòdab.
- **Devlope Resous Kominotè pou Asire Aksè Ekitab pou Opòtinite Finansman yo:** Deteryorasyon enfrastrikti dlo ak kontaminan k ap parèt yo afekte sitou kominote yo, seksyon riral yo, ak kominote ki defavorize yo, epi souvan yo pa posede resous ak kapasite ki nesèsè pou fè avanse yon pwojè pou amelyore enfrastrikti. Pou bay sipò esansyèl pou mete ajou enfrastrikti dlo enpòtan New York la, eta a pral kontinye elaji efò pwogram Ekip Asistans Kominotè a.

- **Pwoteje Dlo Potab:** Gouvènè Hochul pral ranfòse efò Pwoteksyon Dlo Sous New York yo tou lè li mande Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH), ak EFC pou fè avanse ak akselere pwogram kominote yo dirije pou elimine risk polisyon nan rezèv dlo potab minisipal yo. Sa gen ladann asistans teknik gratis pou devlope ak aplike plan pwoteksyon sous dlo potab espesifik nan kominote a ak kòmanse sibvansyon planifikasyon teknik pou pwojè dlo potab.
- **Chèche ak Trete Sous Kontaminasyon PFAS yo:** Baze sou lidèchip nasyonal New York la pou abòde menas kontaminan k ap parèt yo, DEC ap kontinye chèche sous PFAS ki soti nan eritaj sit endistriyèl atravè eta a pou diminye ekspozisyon ak degaje yo nan anviwònman an. Gouvènè Hochul pral elaji tou opòtinite finansman pou lokalite yo pou ede yo fè fas ak PFAS yo ak lòt kontaminan k ap parèt.
- **Entwodui Nouvo Direktiv pou Redui HAB yo:** Gouvènè Hochul te mande DEC pou pibliye valè endikatif pou fosfò pou reyalize inisyativ konplè pou redwi frekans HAB ki gen yon enpak negatif sou kalite dlo potab ak aksè nan naje ak lwazi nan dlo New York yo.

### **Pwoteje Lak Nou yo**

Basen vèsan lès Finger Lakes ak Lak Chautauqua se resous enpòtan pou Eta New York pou sous dlo pwòp pou bwè, lwazi ak touris. Men dènyèman, New York te wè yon pi gwo frekans HAB yo rapòte ki konpwomèt aksè nou nan dlo pwòp.

Kòm repons, Gouvènè Hochul ap oryante investisman enpòtan nan Kowalisyon Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo Eastern Finger Lakes pou konbat kòz pwofon HAB yo epi redwi prevalans yo. Investisman kapital yo pral devlope kapasite pwofesyonèl, akselere pwojè agrikòl ak rezistans, sipòte kiltivatè yo pou yo investi nan plis rekòt kouvèti, amelyore ponso pou redwi ekoulman, ak fè avanse pwojè ki amelyore sante tè.

Gouvènè Hochul konsantre tou sou restorasyon opòtinite lwazi nan Lak Chautauqua epi l ap mande DEC pou travay ak patnè Eta, federal, ak patnè san bi likratif yo pou aplike estrateji konplè pou rediksyon polisyon. Sa gen ladann siveyans avanse kalite dlo, konplete yon etid posibilite pou detèmine limit ak gravite chaj fosfò entèn yo, epi kòmanse travay an menm tan sou pwojè ki ka diminye eleman nitritif k ap antre nan lak la.

### **Komisyon Bisantenè Kanal Erie**

Gouvènè Hochul pral etabli Komisyon Bisantnè a pou rekonèt vwa navigab istorik sa a epi komemore 200yèm anivèsè finisman Kanal Erie orijinal la. Komisyon an pral responsab pou prepare yon kalandriye solid evènman komemoratif k ap fini nan Konferans Mondyal Kanal yo (World Canals Conference) an 2025. Evènman sa yo pral mete aksan sou wòl enpòtan sistèm kanal la kòm yon egzantp lespri kreyatif New York ak wòl kontanporen li kòm yon motè ekonomi nò eta a ak yon resous lwazi piblik.

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418